**Қарақалпақстан Республикасы Мәлимлеме-китапхана орайы**

**Үлкетаныў ахборотлар секторы**



# *Тарийхы әййемге, бүгини келешекке тутасқан Төрткүл*

Нөкис - 2020 жыл

**Мен – Төрткүлмен!**

Мен – Төрткүлмен, көпке даңқы таралған,
Кәрўан тартсаң көш басында барарман,
Мен – Төрткүлмен, қарақалпақ журтында,
Жүги аўыр қара нар деп саналған.

Мен – Төрткүлмен, бахыт ушын жаралған,
Мийнет десе қыздай бели қыналған,
Мен Хорезм ойпатында даңқлыман,
Көп тарийхый гүреслерде сыналған.

Мен – дийханман, тәжирийбеде танылған,
Ҳүжим етсем шөллер маған жалынған,
Жәйҳун дәрья тәсин қалып күшиме,
Талай сапар дегишинен жаңылған.

Мен – Төрткүлмен, турмыс қурған абадан,
Йошып кетсем дәрья болып ағаман,
Ўатан ушын, дослар ушын, халық ушын,
Керек болса қустың сүтин табаман.

Ел намысын уран етип жаңлатқан,
Даңқлы «Қырыққыз» ат ойнатқан шаңлақпан,
Ўатаныман мен Қурбанбай жыраўдың,
Дәстанларын жер жәҳәнға тыңлатқан.

Ким аралап көрсе ҳасыл жеримди,
Гәўҳар болып тамған маңлай теримди,
Кеўил толы ҳүрмет пенен алғыслар,
Елимдеги ҳәр бир мийнет еримди.

**Ибрайым Юсупов**
**Қарақалпақстан халық шайыры**



Адамзат жәмийетиниң алға илгерилеўинде оғада әҳмийетли орын тутқан қалалардың гүллеп раўажланған турмысын, мәдениятын ҳәм олардың пайда болған заманында әзелги тарийхына байланыслы көпшиликтиң дыққатына ылайық қызықлы мәселелерди изертлеў ҳәм сол арқалы халқымыздың руўхый талабын қанаатландырыў тарийх илимлериниң алдындағы айрықша әҳмийетли ўазыйпалардың бири болып есапланады.

Қарақалпақстан Республикасының аймағы тарийхый естеликлерге оғада бай. Қарақалпақстан тарийхының биринши томында Қарақалпақстандағы «саҳралар ашық даладағы кең музейге усап турады» деп жазылған. Қарақалпақстан Республикасындағы қалалардың ҳәр бир қайсысы да өзине тән әжайып шежире дөреткен.

Жайхун ҳәм Сайхун аралығындағы жерлер ўатанымыздың әййемги тарийхы ҳәм мәдениятымыздың бесиги болған муққаддес мәкан. Бул жерлерде жасаған ата бабаларымыз эрамыздан алдыңғы мың жыллықлардан ақ беккем қорған ҳәм қалалар салған, дийханшылық илимине тийкар салған, тәбийий апатларды мәрдана жеңген, дүньяға белгили илимпазларды шығарған. Төрткүл қаласы салыныўдан ақ санаат кәрханалары ҳәм мәдений мәкемелер пайда болды. Мысалы; 1874-жылы телетин заводы, ал, соңын ала пиво ислеп шығарыў, пахта тазалаў заводлары санаат карханалары ислей баслады. Қалада руслар, қарақалпақлар, өзбеклер, қазақлар, түркменлер, татарлар, ҳ.б. миллетлердиң ўәкиллери жасады. 1874-жылы Орта Азияға Уралдағы руслардың көпшилик хожалықлары көширилип алып келинген еди, ал солардың басым көпшилиги Әмиўдарья бөлимине жерлестирилди. Үлкеге қонысландырылған руслардың көпшилиги дерлик Петро-Александровск қаласының Слободка деген бөлегинде жасады. Төрткүл қаласы ең дәслепки күнлерден ақ ең әҳмийетли жол – қатнас орайы ҳәм порт болды. Қала батыста Каспий теңизи жағалары, қублада Ашхабад ҳәм Бухара шығыста Жиззах пенен Ташкент, арқада Қазалы, Перовск әтираплары менен байланысты. Петро-Александровск Шымбай жолы «орыс жолы» деп аталып, ол Қазалыға шекем баратуғын еди. Қалада 1907-жылы китапхана ашылды, ал 1912-жылы телеграф линиясы қурылды. Петро-Александровск менен Чаржаўды байланыстырған булл линия Қарақалпақстандағы ең биринши линия болды. Қала халқы Ташкент, Қазан ҳәм Бакуде өзбек, татар, азербайжан тиллеринде басылып шығатуғын газета-журналларды алып турды. Мысалы, олар «Шуро-вакт», «Баякульҳақ», «Вакт», «Юлдуз», «Дин ва Машиет», «Туркестанская туземная газета» журнал-газеталарын алып турған. Қаладағы рус ҳәм жергиликли халық рус тилинде шығатуғын «Туркестанское ведомости», «Туркестанская военная газета», «Туркестанский курьер», «Русское слова», «Русское чтениие», «Вокруг света», «Современный мир», «Сельский вестник» газета журналларында алып оқыған. Усы газета журналлар қала арқалы пүткил бөлимге тарқалған. Олар аз санда болсада қолдан-қолға өтип оқылған. Орта Азияда соның ишинде Қарақалпақстанда «Пушкин жәмийети» белгили роль ойнады. Бул жәмийет демократиялық кейиптеги интеллегенция тәрепинен дүзилип, халық ағартыў исине тәсир етиўди мақсет етти. Олар Пушкин шығармаларын үйренди. Петро-Александровск қаласында, усы жәмийеттиң китап қоймасы болды. Биринши оқыў 1902-жылы 27-ноябрьде өткерилген. Тыңлаўшылардың ишинде қарақалпақ ҳаял-қызларда болған. Ҳәттеки ураллы қазақларда Пушкин шығармаларын қарақалпақ тилинде тыңлаған. Пушкин шығармаларын Әмиўдарья бөлими начальниги канцелериясындағы дилмаш, қалалық китапхананы шөлкемлестириўшилердиң бири Жанызақ Жоламанов қарақалпақ тилине аўдарған.

Қалада ден саўлық мәкемелери де ашылды. Аптека, қалалық кеселхана, лазарет(киширек әскерий кеселхана) жумыс исследи. Бирақ, қәнигелер еле

жетиспейтуғын еди. Сонлықтан да ҳәр қыйлы жуқпалы аўырыўлар қалаға да, пүткил үлкеге де кең таралған. Соған қарамастан белгили қәнигеликке ийе болған адамлар хызмет ислейтуғын ден саўлық сақлаў мәкемелериниң қалада ҳәм үлкеде жумыс ислеўи пргрессивлик әҳмийетке ийе болған жаңалық болды. Рус илимпазларының ерте-бастан-ақ Қарақалпақстанды изертлеўге дыққаты аўдарылды. Илимий жумыслардың ҳәрекети усы админстративлик орайдан – Төрткүлден басланып турады. Ҳәрдайым илимпазлар үлкени изертлеўге усы қаладан жоллама алар еди. Әмиўдарья бөлими менен Хийўа ханлығына арналған ҳәм 1873-1915-жыллары аралығында рус илимпазлары тәрепинен бастырылып шығарылған илимий мийнетлердиң көпшилигинен Әмиўдарья аяғының сулыў тәбияты, халқы, соның ишинде қарақалпақлардың тарийхы ҳәм этнографиясы бойынша оғада баҳалы мағлыўматлар табыўға болады. Ол мийнетлердиң ишинде Қарақалпақстандағы халықлар ҳәм қалалар ҳаққында қызықлы тарийхый аңызлар ҳәм рус илимпазлары тәрепинен қаты-қулақ қарақалпақ ғаррыларынан жазып алынған баҳалы фольклорлық материалларда ушырасады. Әсиресе А.Каульбарс, А. Кун, Н. Каразин, О. Шкапский, И. Авдакушин, М. Чернышевский, С.Берг, А.Никольский, Н.Самойлович, А.Диваев, И.А. Беляев ҳәм басқалардың мийнетлери Қарақалпақстанның революцияға шекемги тарийхын, әдебиятын, экономикасын ҳәм мәдениятын изертлеў ушын ең баҳалы ҳәм негизги дәреклерден есапланады. Усы илипазлардың мийнетлеринен Төрткүл қаласы ҳаққында мағлыўматлар табамыз. Мысалы: Н.Г. Чернышевскийдиң баласы М.Н. Чернышевский Петро-Александровск қаласының көрнисин сүўретке түсирип алған. Ал, Шкапскийдиң 1898-жылы сызған ҳәм өзиниң «Амударьинские очерки » китабында қосымша ретинде 1900-жылы Ташкент қаласында бастырып шығарған Әмиўдарья бөлими Шорахан участкасының картасында Петро-Александровск қаласы Боз жаптың оң жағасында «Төрткүл» жабының еки бойында Төрткүл болысында, «Уллы бағ» жериниң батысында көрсетилген. Төрткүл жабы Шорахан жаптың шеп жағынан саға алған. Қала салынған мәҳәлде рус географиялық жәмийетиниң бир қатар илимий экспедициялары қалада илимий жумыс жүргизилген еди. Мысалы: Н.Г. Столетов басқарған экспедиция қалаға 1874-жылы гидрометриялық станция орнатты. Усы экспедицияның қурамында Л.Н.Соболёв, Риза-Кули Мирза, Н.Каразинлер болған еди. Академик М.К.Нурмухаммедов өз мийнетлеринде Н.Н. Каразинниң мийнетлерин айрықша атап өткен. Н.Н. Каразин жазыўшы, сүўретши ҳәм изертлеўши еди. Оның көплеген очерклери, повестлери, романлары, Орта Азияға ҳәм Қарақалпақстанның адамлары менен тәбиятына арналған. Т.Г. Шевченкодан кейин биринши болып Н. Каразин қарақалпақлардың турмысын «Живописная Россия», «Всемирная иллюстрация», томлары менен «Нива», журналларында жәрияланған ҳәм олар арқалы рус ҳәм батыс европа оқырманларына таныстырған. Ал, А.А. Диваев пенен Беляевлар қарақалпақ аўыз әдебияты үлгилерин, дәстанлар ертеклер бастырып шығарды.Үлкени изертлеген барлық илимпазлар да көп хызметлер көрсеткен еди. Солай етип Төрткүл қаласы ҳәм Қарақалпақстан үлкеси революцияға шекем ақ рус илимпазларының дыққатын өзине аўдарды. 1874-жылы август айында Төрткүл қаласында улыўма билим беретуғын мектеп ашылды. Бурын медреселер ҳәм мектеплерде диний оқыўлар жүргизилетуғын болса, енди үлке территориясында ҳәр тәреплеме билим беретуғын оқыў орнының ашылыўы Қарақалпақстан турмысындағы, пүткил Әмиўдарья аяғындағы жаңа ўақыя болды. Төрткүл қаласындағы мектеп соң училищеге айландырылды, оның қапталынан интернат ашылды. Училищеде оқыў мүддети 6-жыл болып, онда ҳәзирги сегиз жыллық мектеплердиң 6-7 класслары көлемине жете қаба билим бериў мүмкиншилиги болды. Қалада буннан басқа ҳаял-қызлар училищеси, жеке мектеплер XX-әсирдиң басында жаңа усыл мектеби, деп аталған билим

бериўши оқыў орынлары да жумыс исследи. Бурынғы Әмиўдарья областы атқарыў комитетиниң биринши председатели Жума Аташев, Өзбекстанға мийнети сиңген врач, Социалистлик Мийнеттиң Қаҳарманы Оразымбет Халмуратов бир қатар адамлар Төрткүл қалалық училищесин питкерген.

Төрткүл қаласының тарийхы бир әсирден аслам дәўирди өз ишине алып отыр, оның өзине тән тарийхы ҳәм мәденияты, аўыл хожалығы ҳәмме тараўлары раўажланған қала. Ол әзелден ақ жулдызы бир болған түрк елиниң, өзбек ҳәм қарақалпақ халқының қәўимлериниң, бул жерде жасап атырған бәрше миллетлердиң туўысқанлығы ҳәм татыўлығы тымсалыдыр. Төрткүл қаласы дүзилгенине 1973-жылы 100-жыл, яғный бир әсир болды. 1993-жылы 30-июльде Өзбекстан Республикасы Президенти тәрепинен «Төрткүл қаласының 120 жыллығын байрамлаў» ҳаққында пәрман қабылланды. Усы пәрман бойынша пүткил Қарақалпақстан халқы менен бирге 120-жыллық юбилей мерекесин үлкен көтериңкилик пенен тойлады. 2023-жылы 150-жыл толады. Буннан 147 жыл бурын Қарақалпақстан өз ықтыяры менен Россияға қосылды. 1873-жылы 12-августта Хийўа қаласының қасындағы Гендимиан бағында Россия менен Хийўа арасында дүзилген келисим шәртиниң үшинши пунктине ылайық Әмиўдарьяның оң жағалығы рус мәмлекетиниң сорамына өткен. Өйткени бул жерлер ықтыярлы түрде рус қол астына өткен қарақалпақ жерлери еди. Районның жери кең, 7,5 мың квадрат километр. Төрткүл районы әййемги заманның естеликлерине бай. Солардың ишинде Қойқырылған қала, Жамбасқала, Көкше ҳәм басқалар дүнья жүзине белгили археологиялық естеликлер болып есапланады. Қойқырылған қала, Жамбасқала, Көкше, Топырақ қала, Аяз қала, Қырыққызқала усаған әййемги заманларда салынған атақлы қалалардың даўамы, оларды ҳәзирги заман менен жалғастырыўшы ролин атқарады. Төрткүл (Петроалександровск) дәслеп Әмиўдарья бөлиминиң, оннан соң Әмиўдарья ўалаятының орайы, 1925-1940 - жылға дейин Қарақалпақстанның пайтахты болды. Сол жыллар ишинде Қарақалпақстанның автономиялық република болып қәлиплесиўине, оның экономикасының, мәдниятының раўажланыўына Төрткүлдиң қосқан үлеси үлкен. Төрткүл дегиш алыўдың нәтийжесинде жаңа жерге көшип, тез арада қайтадан сулыў қалаға айланды. Қала енди Қарақалпақстанның пайтахты болмаған менен де республиканың эканомикасын ҳәм мәдениятын раўажландырыў ушын қосқан үлеслерин жылдан-жылға арттырып барды. Қарақалпақстан Республикасы пайтахты Төрткүлдиң алтын бесигинен шыққан академиклеримиз, Я. Дўсумов, М. Нурмухаммедов, илим докторлары А. Худайбергенов, Р. Ражабов, З. Тўқтабоев ҳәм тағыда басқалары Төрткүл районында дүньяға келгенлер. Қарақалпақ илим пәниниң тасын қалаған Н. Дәўқараев, Қ. Айымбетов, Г. Убайдуллаев, И. Сагитов сыяқлы алымлар дәслепки илим жолын усы жерде баслаған. Белгили алым С. Толстов, А. Соколов, С. Малов, Н. Баскаков өз илим изертлеўлерин, мийнетлерин Төрткүл елинде әмелге асырған. Академик Я. Ғуломов, ирригация тарийхына бағышлаған ең баҳалы мийнетлерин, усы аймақтағы канал ҳәм арналар ҳаққында жазған.

Өзбекстан Илимлер академиясы Қарақалпақстан бөлими Төрткүлде туўылған десекте болады. Академия илиминен басқа жоқары ҳәм орта оқыў орынлары, мәденияты, әдебияты, театры, көркем-өнер тараўы Төрткүлден басланған.

Ҳәр бир халық әййемги ата- бабаларының турмысы ҳәм мәдениятын тарийхын үйрениў арқалы билип алады. Археологиялық, этнографиялық, лингвистикалық илимий дереклер, әсиресе мәнәўиятымыздың туңғыш жазба мийрасы – «Авесто» ға тийкарланып сөз ететуғын болсақ, Өзбекстан аймағындағы ең әййемги цивилизация ошақларынан бири екенине исеним арттырады.

**Қойқырылғанқала**



Рис. 61. Кой-Крылган-кала. Реконструкция памятника. Архитектор М. С. Лавров-Скобло.

Әййемги Хорезмниң Келтеминар, Тазабағжап, Әмирабад, Суўжарған, Қамыслы, Кердер ҳәм Чурук мәдениятларына тийисли естеликлер журтымыздың бай тарийхынан дерек береди. Саҳра қойнында тикке бой созып турған Қойқырылғанқала алыс өтмиш сырын өз қойнында жасырып жатыр. Усы дәўирге дерек әййемги қорғанлардың бири Қойқырылғанқала болып табылады. Тарийхшылардың пикиринше ол «милодимизге шекемги 4-3 әсирлерде әййемги Хорезм услубында қурылған болып, әжайып естелик сыпатында бизиң күнлерге жетип келген». Он сегиз қырралы қойқырылғанқала думалақ тәризли болып басқа қалалардан ажыралып турады. Жамбасқала да цоколь жоқ болса, Қойқырылғанқала дийўалларында цоколь бар.

Хорезм оазиси, Қарақалпақстан Республикасының, Төрткүл районындағы Келтеминар аўылы аймағында жайласқан әпсанаўий қойқырылғанқаланың журтымыздың әййемги дәўирдеги тарийхын үйрениўдеги әҳмийети шексиз. Бул қорған 1951-1957 жылларда Өзбекстан Илимлер Академиясының ҳүрметли академиги С. Толстов, академик Я. Ғуломов, профессор, И. Жаббаров ҳәм басқада тарийхшы-археолог алымлар тәрепинен изертленген. Қойқырылғанқала толық жетилискен жойбар тийкарында, Хорезм архитектуралық усылында ылай пақса ҳәм қам гербиштен қурылған. Қорған шеңбер формасында, үш қатар дийўал менен оралған болып, оның орайлық арқасы ибадатхана ҳәм астраномиялық обсерваториядан қуралған. Оның қурылыс ҳәм архитектуралық, дийўаллардағы ганчлары, ойма ҳәм шығыңқы нағыслары тек бизди ғана емес, ал, дүньяның алдыңғы қатар илимпазларында ҳайран қалдырмақта. Себеби оған жоқарыдан қарасаңыз, тап қуяш сәўлеленгендей түйиледи. Айлана дийўал бойлап жайласқан, дийўалдан бөртип шыққан тоғыз минара, тоғыз аспан белгилери жөнелисине уқсап жайласқан. Демек, Қойқырылғанқала - аспан ҳәм тәбият нызамлықларын жақсы билген әййемги ата-бабаларымыздың жоқары потенциалын өзинде сәўлелендириўши естелик болып табылады. С. Толстовтың редакторлығында баспадан шыққан «Қойқырылғанқала» китабында көрсетилгениндей, Қойқырылғанқала диний мәресимлер өткерилетуғын муқаддес мәскан, отқа сыйыныўшылардың бас ибадатханасы болған. Бул ибадатхана Орайлық Азия, Жақын ҳәм Орта Шығыс халықлары ушын муқаддес мәскан, зыярат орны болған. Ибадатхана алдында суў ҳәм зүрәәтлилик қудайы Анахитаның бәлент ҳәйкели турған. Буннан тысқары, басқа қорғанлардағы сыяқлы отқа сыйыныўшылар ханасы болған. Бул орынларда отқа сыйыныўшылардың ибадат ететуғын, түрли мәресимлер өткеретуғын, жасларға тәлим тәрбия берилетуғын, наўқасларды даўалайтуғын ханалары, тәжирийбе өткеретуғын ханалары ҳәм дәриханалар хызмет көрсеткен. Изертлеўлер Қойқырылғанқаланың бизиң эрамызға шекемги еки мың жыллықтың орталарында, бәлким, оннанда ертерек дәўирде дүньядағы дәслепки илим-пән, мәденият, архитектура, өнерментшилик, саўда – сатық орйларынан

бири болғанын көрсетип тур. «Қойқырылғанқала» китабында фарфор ыдыс бөлегиндеги ең әййемги Хорезм жазыўы эрамыздан алдынғы 3-2 әсирлерге тийисли арамий жазыўы деп көрсетилген. Ал, эрамызға шекемги, 2- мың жыллықтың ақырларында, бәлким, оннанда көп әсир бурын әйне усы әлиппеде, жазылған «Авесто» китабында булар ҳаққында толық мағлыўматлар бар. Көринип турғанындай, Қойқырылғанқаланың қурылған дәўири ҳәм жазыўдың пайда болған дәўири мың жылданда көп кейинге ысырып көрсетилген. «Авесто» жазыўының, яғный, әййемги Хорезм жазыўының арамий жазыўы сыпатында Европаға жайылғанын, европалы алымлардың өзлери тән алып атырғанынан хабардармыз. Қойқырылғанқала обсерватория болғанына тийкарланып, Абу Райхан Беруний «Әййемги халықлардан қалған естеликлер китабында» ески Хорезм қуяш календардың усы илимий дәргайда жумыс алып барған алымлардың пикири тийкарында жаратқан, деген жуўмаққа келсек дурыс болады. Бул календарь Сатурн жулдызының қуяш әтирапында 32 жылда бир мәрте айланыўына тийкарланып жаратылған. Бир жылда 365 күн, 12 ай бар ҳәм ҳәр ай 30 күннен ибарат. Жыл 21-22- марттан басланған. Жылдың әйне усы пайытында, түнде аспанда шынжырлы Тиштар - Сириус жулдызы көрине баслайды. Бул жулдыз қаншелли жарқырап көринсе, сол жылы Әмиўдарьяда суўдың көп болыўы, жайлаўларда от-шөп, егинзарлықларда зүрәәттиң мол болыўын жақсы билген. Әййемги Қойқырылғанқалада жумыс алып барған алымлардың астрономиялық бақлаў нәтийжелери дәслеп, грек, рим, араб, ҳинд алымларына, соң дүньяның басқа да жерлерине мәлим болған.

Төрткүл районындағы әййемги тарийхый естеликлердиң барлығы Хорезм, ҳәттеки Өзбекстан ҳәм Орта Азия өтмишинен дерек береди. Өзбекстанда неолит дәўирине тийисли биринши таўылған археологик дәўирине тийисли милодан әййемги 7-3 мың жылларды қамырап алған «Калтаминар мәденияты» есапланады. Бул ҳаққында академик 1939-жылы жазған С.П. Толстов басшылығы астында исленген археологик экспедиция антик қала Жамбасқала қаласы ишинде қазыў жумысы алып барылған. Бул районда соның менен бирге, бир ўақыттың өзинде қазыў ислери басланды ҳәм сол жерде тақыр астынан биринши мәрте «ибадатхана адамның мәканы» табылды. Сол ўақытқа шекем Жанбасқала районында темир әсирине тийисли адам жасаған үш мәкан излери табылған еди. 1940 жылдың жаз мәўсиминде ибадат адам жасаған бул мәканда қазыў ислери басланып, 1945 жыллары тамамланған. Тарийх атасы әййемги бабаларымыз, аналарымыз, массагетлер маликасы Тумаристиң Кир 2 менен алысыўы ҳаққында да жазып кеткен. Ол пайытлары массагетлер Әмиўдарья жағасында жасаған, қалаберсе Тумарис анамыз басқыншыларды, Әмиўдарьяның оң тәрепинде жеңгени бир нешше тарийхый бетлерде жазылған. Демек ҳаял патша Тумарис ана ҳәзирги Жамбасқалада болған.



Өткен әсирде, бул қала Петр-1 хәм Александр-2 атына хүрмет көрсетилип қойылады. Ал жергиликли халық өзиниң айтып үйренген Төрткүл деген атамасы менен атап келеди. Булай деп аталыўында халықтың арасында хәр қыйлы аңызлар бар. Биреўлер, қаланың төрт тәрепин төрт көл қоршап турған, сол себепли «Төрт көл» деп аталады десе, басқа биреўлер қаланың хәр тәрепинде төрт бай жасаған, олардың төрт тәрепинде гүл өсиретуғын арнаўлы орынлар болған деседи. Тағы биреўлер, қаланың ортасынан үлкен көше өтип, оның еки бойында, төрт хаял жасап, олар қымбат баҳалы таўарларға, гүл ойыўшы, нағыс салыўшы атақлы шеберлер болған деседи. Олардың ислеген таўарларға тоқыған гүллери пүткил халықты таңландырған. Бул жерден өтетуғын кәрўанлар хәм саўдагерлер усы гүл тоқыған хаяллардың таўарларын сатып алып, басқа еллерге тарқатқан. Сол себепли қала «Төрт гүл» **деп аталып, ол сол шебер тоқыўшылардың атына қойылған деседи. Негизинде Төрткүл деген, бул төртмүйешлик, бурынғы қаланың орнында болған ески, гөне қорған. Усы қорған төрт мүйешли формада болған. Сол себепли қала төрт мүйешли, «Төрт гүлли» деп аталып кеткен болыў керек деген жуўмақ шығады. Бул Рус патшасы Петр-I бирнешше мәртебе пәрман қабыл етип, Әмиўдиң суўын гөнеузбой арқалы Каспий теңизине қуйдырып, оны орта Азия менен байланыстырып Индияға шығыўды мақсет еткен. Буннан бир ярым әсир өткеннен кейин, рус патшалығының тахтына император Александр -II отырады. Ол Хийўа ханлығын өзине бағындырып алады. Солай етип Төрткүлден тастан қорған салдырып, Европа усылында имаратлар қурғызып, қаланы жаңадан тиклейди. Солай етип еки патшаның атына Петро-Александровск деп ат қояды. Бирақ жергиликли халық бурынғы аты менен Төрткүл деп атай береди. Қала 1873-жылдан 1917-жылға дейин Россия генерал губернаторлығының Сырдәрья ўалаяты, Әмиўдарья бөлиминиң орайы, 1917-жылдан тап 1940-жылға дейин Қарақалпақстан Автономиялы Совет Республикасының пайтахты болып келген. 1932-жылы пайтахтты көшириўге қарар қабыл етеди. Жетик инженер А.Я. Гафиатуллин жаңа пайтахт ушын жойбар сыпатында Қаратаў менен Назархан аралығындағы орынды усынады. Географиялық хәм басқада жағдайлардың қолайлығын есапқа алып, пайтахт ушын Нөкис аўылының орны ең мақул жер деп табылады. Қарақалпақстан Автономиялы ўалаятының 1936-жылдан баслап автономиялы республикаға айланыўына байланыслы Қарақалпақстан Республикасының пайтахтының орны хаққындағы мәселе өз шешимин тапты. 1932-жылдың 1-апрелиндеги Пүткил аўқамлық Орайлық атқарыў комитети Президиумының қарары менен ҚҚАССР дың хакимшилик орайын Нөкис аўылы деп белгилеп, оны қалаға айландырыў мәселелерин шешип береди. Солай етип, Республиканың жаңа пайтахтының қурылыс жумыслары сол ўақыттан басланып кеткен. Өткен әсирдиң 20-30-жылларында Төрткүл хәм Хорезм аймағындағы бирден-бир илимий, мәдений хәм билимлендириў орайы болды. Қарақалпақ әдебияты менен көркем -өнериниң жетекши тулғалары, мәмлекетлик илим ғайраткерлери усы журттағы билим дәргайларында тәлим алды хәм жетилисип шықты. Олардан Қасым Аўезов, Наўрыз Жапақов, Пиржан Сейитов, Жумагүл Сейтова, Исақ Бекбаўлов, Аяпберген Мусаев, Сейфулғабит Мәжитов, Жолмурза Аймурзаев, Тилеў Аманжолов, Нәжим Дәўқараев, Асан Бегимов, Айымхан Шамуратова, Дәли Назбергенов, Марат Нурмухаммедов, Янгибай Досумов хәм басқа да көрнекли ўәкиллер, халықтың нәзерине түсти. Қарақалпақ миллий көркем өнерине, илимине, әдебиятына тийкар салды. Сондай ақ, биринши театр труппасы, музыкалық театр дөгереги шөлкемлестирилип оған сол аймақтағы, талантлы жасларды тарта баслады. Усы труппа хәм драмалық дөгерек негизинде Қарақалпақ миллий театрына**

тийкар салынды. Бул жаңадан ашылған театр «Таң нуры» атамасы менен аталды. 1924-жылы Төрткүлде қарақалпақ тилинде дәслепки «Еркин қарақалпақ» атлы республикалық газетасы шыға баслады. Усы газета кейиннен түрли атамалар менен шығып, бүгинги күнде бул басылым «Еркин Қарақалпақ» аты менен шығып атыр. Сол ўақытта газета редакциясында қарақалпақ журналистикасының дәслепки қарлығашлары саналған журналистлерден С. Мажитов, Қ. Әўезов, И. Султанов, Ш. Салаев, С. Мадаминов хәм басқада қәлем ийелери мийнет етти. 1931-жылы усы журтта биринши радио толқыны жаңлады. Екинши жер жүзилик урыста қаншадан-қанша жерлеслеримиз мәртлерше ерлик көрсеткен. Урысқа Төрткүлдиң өзинен он бир мыңнан аслам адам қатнасып, солардың арасынан И. Наўрызбаев, Плис Нурпейсов, Михаил Булатов, Орынбай Абдуллаев сыяқлы мәрт жигитлер тарийхта урыс қаҳарманларына айланды, олардың ерлигин заманласларымыз мақтаныш пенен тилге алады. Төрткүл районы республикамыздың ең түслик қубла тәрепинде Әмиўдарьяның оң жағалаўында болып, оның географиялық шегаралары Хорезм, Бухара, Наўайы ўалаятлары менен, шығысында Қызылқум жазийралары, Елликкала районы, арқа шығыс тәрепинде Беруний, батыс тәрепинде Әмиўдарья районлары менен шегараласқан. Район мәденияты раўажланған, дийқаншылық академиясы жаратылған, уллы алымлар хәм дөретиўши инсанлар дүньяға келген, ели аббат мәкан. Төрткүл қаласы көп тарийхый ўақыяларды бастан кеширген Әмиўдарья бөлиминиң пайтахты дәрежесине жетискен, тарийхый дәстан қала ретинде тилге алынады. 1920-жылы 10-октябрьде Түркстан АССР Совет атқарыў комитети Әмиўдарья бөлиминиң пайтахты болып Төрткүл қаласы 1924-1932 жыллары Қарақалпақстан Автономиялы областының 1932-1939- жыллары ҚҚАССР дың пайтахты болып, көп жыллар даўамында республикамыздың бирден бир мәдeният хәм билимлендириў орайы болып хызмет атқарады. Урыстан кейинги жыллары қала хәм район халқының алдында халық хожалығы тараўын қайта тиклеў менен қатар тәбийий апатшылық пайда болды. Бул қыйыншылық Әмиўдарьяның хәўиж алып ағып киятырған дегишиниң келтирген апатшылығы болды. Усы 1925-жыллары Төрткүл қаласы Әмиўдарьяның 10-шақырым қашықлықтан ағатуғын еди. Ал, 1938-жылға келип дәрьяның дегиши қалаға жүдә жақын аралыққа келип қалды. Дегиштен сақланыў ушын «Қайшы қурыў» арнаўлы басқармасы дүзилди. Қаланы дегиштен сақлап қалыўда көплеген инженерлик жойбарлар исленди.

Бирақ, «Қайшыға» жумсалатуғын сметалық қаржы, жүдә көп муғдарда болып, қаланың баҳасынан бир неше мәрте көп қаржы талап ететуғын болғанлықтан, қаланы басқа орынға көшириўден басқа шарасы болмады. Бир қанша исленген илажларға қарамастан 1949-1950-жылға келип дегиш қаланың ең соңғы көшесинде суў алып кетти. 1948-жылы 14-апрельде Ҳүкимет 270 гектар жерди тазадан қурылатуғын Түрткүл қаласын қурыў ушын ажыратып бериў ҳаққында қарар қарар қабыл етеди. Тазадан қурылатуғын Төрткүл қаласының қурылысы 1949-жылдан басланады.




Ең дәслеп мектеп, емлеўхана, ҳәкимшилик имараты, турақ жайлар салынып, избе-излик пенен тапсырыла баслады. Ал, 1950-жылдан баслап ҳәр қыйлы тараў мекемелери көшип келе баслайды. Қалада ири санаат кәрханалары, заводлар, саўда орынлары ҳәм басқада мәкемелер хызмет атқара баслайды. Таза қаланың қурылысына ҳәм өсип раўажланыўына сол ўақытлары районға басшылық еткен Юнус Ибрагимов, Досжан Матжанов, Мийнет қаҳраманы Розум Сейтниязов, ҳәм тағы басқалар өз үлеслерин қосты.

Район тийкарынан атайы дийқанлар ҳәм бағманларелаты. Ҳәр жылы олар тәрепинен ҳәр қыйлы сорттағы мийўе палыз ҳәм овощь өнимлери халқымыз дәстурханына инам етилип, базарларымыздың толы болыўы тәмийинленбекте.




Сондай ақ, районда халықтың балық өнимлерине болған талабын қанаатландырыў мақсетинде балықшылық фермер хожалығы, еки жуўапкершилиги шекленген жәмийет шөлкемлестирилди. Төрткүл районы республикамыздың ең ири пахташылық районы болып, ҳәмме районлардың кәрўанбасы болып киятырған мийнеткеш халқына бәрқулла алдыңғы қатарда көшбасы болыў несип ете берсин деймиз. Төрткүл районы 1927 - жылда 3-июльда шөлкемлестирилди. Қарақалпақстан ҳүкиметиниң ҳәм бурынғы Илимлер Академиясының басламасы менен 1933-жылы 18-25 март күнлери Ленинградта Қарақалпақстанның өндирис күшлерин изертлеў бойынша 1-конференция өткерилди. Бул конференцияның қарарларын иске асырыў мақсетинде Илимлер Академиясының президумы 1933-жылы 20-апрелде автономиялы республиканың мәдений қурылыс ислерине жәрдем көрсетиў ушын арнаўлы комиссия дүзиў ҳаққында қарар қабыл етти. Бул комиссияға академиклер С.Ф. Ольденбург ҳәм А.Н. Самойлович, хабаршы-ағза С.Г. Томсинский, профессорлар Н.М. Моторин ҳәм А. Цвибак, А.Ю. Якубовский илимий хызметкер В.А. Забировлар кирди. Қарақалпақ комиссиясы бурынғы Илимлер Академиясы китапханасының ҳәм Ленинградтағы басқа да китапханалардың қорларынан Қарақалпақстанда

**илимий китапхана шөлкемлестириў ушын китаплар ажыратыўда ҳәр қайсысы 20-25- баспа табақлық 3 томнан ибарат Қарақалпақстан тарийхы бойынша материалларды ислеп шығыў, тәртиплестириў, ҳәм баспаға таярлаў, Төрткүлде Республикалық музейдиң жойбарын таярлаўда ҳәм оның экспрозициясын дүзиўге жәрдем бериў, орынларда илимий-изертлеў жумысларын жөнлеў ҳәм алып барыў ушын қурамында тарийхшы, археолог, музей хызметкери ҳәм тилшиден ибарат топар жибериўде басшылық етилиўи, усы комиссияның қатнасында Қарақалпақстан Комплексли илим-изертлеў иниститутының илимий китапханасы шөлкемлестирилди. Төрткүл халқының саны 1-январь 2015-жылға Республикалық статистика басқармасының берген мағлыўматы бойынша 196 мың бир жүз адамды қурайды. Район мәденияты раўажланған, дийханшылық академиясы жаратылған, уллы алымлар ҳәм дөретиўши инсанлар дүньяға келген, ели абат мәкан. Ҳәзирги ўақытларда, районда 600 ден аслам фермер хожалықлары ҳәм жеке исбилерменлер ҳәр қыйлы тараўда хызмет жүргизип халқымызды зәрүрли керек азық-аўқат өнимлери менен тәмийинлеп келмекте. Районда аймақлық инвестиция бағдарламасы тийкарында 18-ири жойбар иске асырылды. Атап айтқанда, «Қурыўшы-Азат-Шарап» гербиш ислеп шығарыў, «Төрткүл. Каримов Аллаяр» полиэтилен трубаларын, «Шарипова Рано»-макарон, «Лашын»-шарўа комплекси, гөш жетистириў, «Дагмар-Джайдест» мебель ислеп шығарыў жумыслары жолға қойылды. Усының менен қатар районның қубла дәрўазасы болған «Мискин» станциясы бүгин Төрткүлди мәмлекетимиздиң дүньяның көплеген еллер менен байланыстырып тур. «Мискин» станциясында жаңа темир жолшылар қалашасы, вагонларды оңлаў депосы, Мискин-Ташсақа автотемиржол көпири қурылды. Бүгинги күнде халық ушын турақ жайлар, турмыс хызметин көрсетиў орынлары, «Пахташы» АПЖ аймағында 140-орынлық мектеп, «Гөне Төрткүл» АПЖ аймағында 12-санлы мектептиң спорт сарайы ҳәмде бир қатар колледжлер тапсырылды, бүгин Төрткүлди мәмлекетимиздиң алдыңғы районларының бири десек қәтелеспеймиз.**




**2017-2021-жылларда Өзбекстан Республикасының раўажланыўында бес баслама жөнелиси бойынша Ҳәрекетлер стратегиясы тастыйықланды. Бул жөнелис жәнеде елимиздиң раўажланыўында дәстүр әмелге асырылып көп ислер исленди. Президентимиз Ш.М. Мирзияев тәрепинен қабыл етилген Өзбекстан Республикасын жәнеде раўажландырыў бойынша, ҳәрекетлер стратегиясы бойынша алып барылып атырған жумыслардың нәтийжесин жәнеде асырыў, мәмлекетимиз ҳәм жәмийетимиздиң ҳәр тәреплеме жедел раўажланыўы ушын**

**шәрт шараятлар жаратыў, мәмлекетимизди модернизатция қылыў, ҳәмде елимиздиң ҳәмме тараўларын либералластырыў бойынша басламалар ҳәм жөнелислер, азат ҳәм абат журтта жайласатуғын, жаңаша пикирлейтуғын инсанлардың үйлери, олардың өмири, жасаў турмыс жағдайы гөззал, абадан тыныш болыўы керек. 2017-2020-жылларда арзан көп қабатлы үйлерди қурыў ҳәм реконструкция ислеў дәстүрин нәтийжели әмелге асырыў ҳаққында қосымша ис-илажлар PQ-3350 санлы қарары тийкарында Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Төрткүл районында алып барылып атырған үй-жай қурылыс ислери, сондай ақ халықты үй жай менен тәмийинлеў ислери жолға қойылды. Президент қарары «Абат мәкан» аўылы, Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2018 жыл 29 - марттағы PҒ-5386-санлы пәрманын орынлаў, аўыл халқына медицина пунктлерин түптен жаңаландырыў, аймақты комплекс раўажландырыў, жол - транспорт, инженерлик-коммуникация тармақлары ҳәм социаллық турмыс жағдай объектлерин, мәденияты ҳаққында жумыслар исленгенин билдирип өтти.**



Ҳәзирги ўақытта районда мийманхана, ресторан ҳәм гастрономның жайлары, «Қырыққыз» кинотеатры, 20-мың орынлық стадион, аэрофлот, вокзал, тоқымашылық-тигиўшилик фабрикасы, ҳакимият майданындағы курант, мәдeният сарайы, автокархана, бетон заводы, типография, оқыў орынлары, заманогөй турақ жайлар, мектеп, бала-бақшалар 15-МПЖ, 22-МФЙ қурылды.

**Пайдаланылған әдебиятлар:**


**Жумабай Уббинизов. Қарақалпақстан XX әсирдиң басында: –** Нөкис: «Қарақалпақставн» баспасы. – 1972. – 108 бет.

**Әмиў шамшырағы** (Топлам Төрткүл қаласының 100 жыллығына арналған): – Нөкис: «Қарақалпақставн» баспасы. – 1976. – 262 бет.

**С.К. Камалов, А.Қ. Қощанов, Ғ.Н. Ҳажиев. Төрткүл – Қарақалпақстанның биринши пайтахты:** Тарийхый изертлеўлер. – Нөкис: «Қарақалпақставн» баспасы. – 1993. – 64 бет.

**Қарақалпақстан XIX әсирдиң екинши ярымынан XXI әсирге шекем. –** Нөкис: «Қарақалпақставн» баспасы. – 2003. – 556 бет.

**Кеңесбай Қунназаров.** Қарақалпақстанның қала ҳәм районлары. - Нөкис: «Qaraqalpaqstan» баспасы.- 2016. - 136 бет..

**Қойқырылғанқала естелиги:** // Еркин қарақалпақстан. – 2016. - 2-июнь